

ÈSKE OU TE KONNEN?

ÈSKE OU TE KONNEN?

OU KA JWENN WOUT BIS PITIT OU A AVEK BUSFINDER.BUSFINDER

1. Ale nan www.westburyschools.org
2. Anba ba meni an, klike sou "Department" epi chwazi paj "Transportation".
3. Chwazi onglet "Busfinder" la.
4. Antre adrès lakay ou ak kòd postal ou Pou pi bon rezilta, chwazi yon klas oswa yon non lekòl. Tanpri sonje ke tout lè ki endike pou arè bis yo se lè apeprè. Yo mande elèv yo pou yo rive nan arè ki asiyen an omwen 5-10 minit anvan lè ki afiche yo. (Gade sit entènèt la pou plis enfòmasyon)

EPI OU KA SWIV BIS LA TOU

Sistèm swivi otobis la fèt pou bay paran, gadyen legal, moun k ap pran swen timoun ak elèv yo trankilite lespri. Sa a disponib pou tout elèv yo. Telechaje [FirstView 1.0](#) nan App Store la oswa Google Play la oswa eskane kòd QR la

Pou kreye yon kont, mete:

- Kòd distri a **X3C1W**
- non elèv la
- ekòl elèv la
- wout elèv la pran

(gade pas otobis pitit ou a)

Pou yon gid enstriksyon etap pa etap, eskane kòd QR sa a



- SWIVI AN DIRÈK
- VIZYON POU PLIZYÈ TIMOUN
- AKSÈ FASIL AK AN SEKIRITE
- ALÈT AK MESAJ PÈSONALIZE
- PWÒKSIMITÉ BIS PERSONNALIZAB
- SIPÒ DEDYE POU KLIYAN


Pou asistans:

Rele 888-889-8920 lendi jiska vandredi apati 7:00 a.m. lè lès oswa voye yon imèl bay support@firstviewapp.com oubyen bouton "anvlòp" la (kwen dwat la) pou bay fidbak.

Lwa sou Veyikil ak Trafik nan Eta Nouyòk la Deklare

Li ilegal pou depase yon bis ki kanpe epi ki gen limyè wouj yo aktive, epi bra "stop" la lonje. Chofè yo dwe toujou kanpe pou limyè wouj yo k ap flache, menm sou gran wout divize ak sou lakou lekòl yo. Chofè yo dwe kanpe kit y ap pwoche bis lekòl la pa devan oswa pa dèyè. Minisipalite nan Nouyòk yo otorize pou enstale kamera ak bra arè sou bis lekòl yo ki bay chofè ki depase bis lekòl ki kanpe yo kontravansyon. Amann pou yon premye vyolasyon pou depase yon bis lekòl ki kanpe ilegalman se \$250 epi li ka rive jiska \$1,500 ak/oswa jiska 180 jou prizon pou vyolasyon repete.

KANPE
pou
limyè k ap
flache



Prekosyon sekirite pou elèv nou yo:

- **Rete chita, rete an sekirite:** Toujou rete chita pandan bis la ap deplase pou evite blesi.
- **Rete vijilan, rete vizib:** Asire w ke chofè otobis la ka wè w lè w ap monte oswa desann nan otobis la.
- **Koute chofè ou a:** Swiv enstriksyon chofè bis la pou yon vwayaj an sekirite.
- **Pa distrè chofè a:** Evite bri fò ak konpòtman deranjan pou ede chofè a konsantre.
- **Tann siyal la:** Travèse lari a sèlman lè chofè a fè siyal li an sekirite.
- **Rete, Gade, epi Koute:** Toujou tcheke trafik la anvan ou travèse lari a.
- **Respekte lòt pasaje yo:** Trete lòt moun avèk jantiyès epi kenbe bis la yon kote ki an sekirite pou tout moun.

DEPATMAN TRANSPÒ

lendi- vandredi apati 7:00 AM - 5:00 PM

Telefòn: 516-876-5011



YON MESAJ KI SOTI NAN SIPEVIZÈ NOU AN

POLITIK TRANSPOTASYON

PRAN AKSYON KOUNYE A!

“Nou ta renmen remèsye kominote lekòl Westbury a ak tout kè nou pou konfyans nou mete nan nou pou transpòte kago ki pi presye nou an, pitit nou yo, avni kominote nou an.

Depatman Transpò nou an rete angaje pou asire ke tout elèv ki kalifye yo resevwa transpòtasyon ki an sekirite e ki fyab, pou pèmèt yo jwenn aksè a anpil opòtinite aprantisaj bèl bagay distri nou an ofri yo.”

Sensèman,



James Popkin
Sipèvizè Transpò

Komisyon Konsèy Edikasyon Distri Lekòl Westbury a ap bay transpò pou elèv ki nan lekòl piblik ak elèv ki pa nan lekòl piblik ki rete nan distans ki deziyen ak lekòl kote yo ale a, dapre seksyon Lwa Edikasyon an ki aplikab la ak desizyon Komisyonè Edikasyon an.

Yo pral bay transpò pou ale nan lekòl kote elèv yo ale a jan sa a:

- **Pou elèv nan jadendanfan, ki rete zewo mil oswa plis**
- **Pou elèv nan klas 1-5 ane, ki rete omwen mwaye yon mil oswa plis**
- **Pou elèv nan klas 6-12 ane, ki rete omwen yon mil oswa plis**

Elèv yo dwe satisfè egzijans sa yo pou yo ka apwouve pou transpò distri a. Yo kalkile distans ki genyen ant tout kay nan distri a ak tout lekòl ki sèvi kay sa yo. Se distans sa yo ki detèmine kalifikasyon. Yo bay transpò otobis lekòl pou elèv ki satisfè egzijans kantite mil yo. Depatman Transpò a oswa moun li deziyen an ap detèmine arè otobis yo epi y ap deziyen otobis espesifik elèv la dwe pran pou l ale lekòl ak pou l soti lekòl, epi elèv la pa gen okenn otorite pou l monte okenn lòt otobis. Otobis yo ap kanpe pou pran ak depoze pasaje yo selon zòn nan. Tout elèv ki nan zòn nan ap mache ale nan plas ki endike sou Pas Otobis yo a.

Si ou ta renmen Depatman Transpò a revize plasman arè bis yon elèv; tanpri ranpli FÒM REVIZYON ARÈ BIS la ki disponib an Anglè, Panyòl ak Kreyòl Ayisyen.

Lè yon demann transpòtasyon baze sou yon pwoblèm medikal, y ap konsidere l selon nati ak gravite pwoblèm medikal la. Paran k ap chèche yon pas otobis medikal ta dwe aplike bay enfimye lekòl la nan lekòl kote elèv la ale a. Elèv ki gen sitiasyon espesyal pou aprann ta dwe kontakte Biwo Pèsonèl Elèv la nan 516-876-5119 pou diskite sou nenpòt bezwen transpò espesyal.

ESKANE KÒD QR YO POU RANPLI FÒMILÈ TRANSPÒ YO

Demann Transpòtasyon pou Lekòl Prive ak Lekòl ki pa Piblik

Pou aplike pou transpò lekòl prive.

Tanpri sonje: Demann yo dwe soumèt anvan 1ye avril ane anvan an oswa nan lespas 30 jou apre etablisman rezidans nan distri a.



Fòm Revizyon Arè Bis



Pou mande yon chanjman sou pas otobis yo te asiye yon timoun akoz enkyetid sekirite.

Demann Transpò pou Gadri Timoun

Pou mande yon chanjman nan kote pou vin pran/depoze yon timoun apa de adrès lakay li. (Pou elèv ki nan jadendanfan rive nan 8yèm ane)



Si ou demenaje, ou dwe avize Biwo Anrejistreman Santral la pou yo ranpli yon Fòm Chanjman Adrès anvan ou mande yon nouvo pas otobis.

Pou plis enfòmasyon, rele 516-876-5100 oswa vizite biwo yo nan

545 Dryden Street,
Westbury, NY 11590.



Pou nenpòt enkyetid apre biwo a fèmen, tanpri rele First Student dirèkteman.

Tout bis lekòl yo
KANPE NAN

